PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA
LEMBAGA DAKWAH NAHDLATUL ULAMA
LDNU KABUPATEN KEDIRI
Sekertariat: Jl. Imam Bonjol 38 Kediri 64122
==

Khutbah Idul Adha
Merayakan Hari Raya Qurban di Tengah Pandemi

اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ، لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ وَلِلهِ الْحَمْدُ،

الْحَمْدُ للهِ الَّذِيْ يَـخْلُقُ مَا يَشَاءُ وَيَـخْتَارُ، أَحْمَدُهُ سُبْحَانَهُ الْوَاحِدُ الْعَزِيْزُ الْغَفَّارُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَّا إِلٰهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ إِمَامُ الْمُتَّقِيْنَ وَقُدْوَةُ الْأَبْرَارِ، اللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ، صَلَاةً دَائِمَةً مَّا تَعَاقَبَ اللَّيْلُ وَالنَّهَارُ.

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا إِخْوَةَ الْإِسْلَامِ أُوْصِيْكُمْ وَنَفْسِيْ بِتَقْوَى اللهِ عَزَّ وَجَلَّ الْقَائِلِ فِي مُحْكَمِ كِتَابِهِ: إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ، فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ، إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah,
Ngawiti khutbah ied wonten enjang ingkang kebak berkah meniko, kawulo wasiat khususipun dateng badan kulo piyambak supados tansah ningkataken ketaqwaan dumateng gusti Alloh *subhanahu wa ta'ala,* kapan kemawon lan ingdalem pundi kemawon, ugi ingdalem kados pundi kemawon kanti nindaaken kewajiban lan nebihi awisan-awisanipun gusti Alloh *subhanahu wa ta'ala.*

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah,
Dinten riyadin meniko sejatosipun dinten ingkang dipun rayaaken deneng kawulo sak sampunipun nindaaken pinten-pinten ketaatan dateng Alloh *subhanahu wa ta'ala.* Idul fitri sejatosipun kagem tiyang-tiyang ingkang sampun ninndaaken ibadah siyam kanti sak estu lan ibadah lintunipun ingdalem wulan romadhon. Semanten ugi riyadin idul adha, sejatosipun kagem tiyang-tiyang

ingkang sampun nindaaken rukun haji ingkang paling utami inggih puniko wukuf ingdalem Arofah, utawi tiyang-tiyang ingkang kanti sak estu nindaaken ketaatan lan ibadah ingdalem sedoso dinten awal saking wulan dzul Hijjah. Tiyang-tiyang menikolah ingkang sejatosipun kagungan dinten riyadin. Dene kagem tiyang-tiyang ingkang mboten ngawiti dinten riyadin kekalih meniko kanti ketaatan lan ibadah, lajeng menopo ingkang dipun rayaaken?

Hadirin jama'ah shalat idul adha *rahimakumullah,*
Dinten riyadin sejatosipun mboten kabungahan sebagian tiyang kemawon. Kedahipun sedoyo ngrahosaken kabungahan. Kranten dinten riyadin meniko sejatosipun dinten riyadinipun sedoyo umat Islam. Dinten riyadin puniko dinten kabungahan kagem sedoyo umat Islam sak ngalam dunya, dinten riyadin dinten kebungahan bersama.
Zakat fitrah ingkang ngiringi riyadin idul fitri lan ibadah qurban ingkang ngiringi idul adha meniko bukti bilih agami Islam mrintahaken supados dinten riyadin saged nuwuhaken (nglahiraken) kabungahan sesarengan. Tiyang ingkang mampu bayar zakat fitrah maringaken zakatipun dateng fakir miskin. Semanten ugi tiyang ingkang mampu berkurban, piyambaipun marongaken daging hewan qurban dateng tiyang ingkang mboten mampu. Ngantos-ngantos sebagian saking tiyang kolowau mungkin ngrahosaken rasanipun daging namung setahun sepindah. Kanti mekaten kabungahan saget roto, sahinggo saged dipun rahosaken deneng umat Islam sak katah-ipun.
Zakat lan daging qurban meniko perkawis ingkang sak mestinipun tansah ngiringi moment dinten riyadin. Hakikatipun dinten riyadin inggih puniko kebungahan sesarengan, kasih sayang, lan andum dateng sesami manungso.

Hadirin *rahimakumullah,*
Kagem upaya supados dinten riyadin saged dados kebungahan sareng-sareng, prayoginipun kito menyambut dinten riyadin kanti nyiapaken badan kito piyambak kagem berbagi kaliyan lintunipun. Ngadepi dinten riyadin kito siapaken sabiyantu dateng sesami, ngringanaken beban sederek-sederek kito ingkang mbetahaken lan ngilangaken keprihatinan sederek kanti nyumbangaken sebagian harta benda kito. Menawi dereng mampu, saged kanti ucapan ingkang sae ingkang saged menghibur manah sederek kito kolo wau. Ugi saged kaliyan tutur sapa ingkang tulus soho ndungaaken kesahenan dateng sederek-sederek kolo wau.

Nalikanipun kito kempal kaliyan tiyang sepah kito, anak-anak kito, konco-konco kito ingkang kito tresnani dalam rangka menyambut dinten riyadin, samiyo emut bilih taksih katah anak-anak yatim ingkang mboten sempat ngrahosaken kasih sayang saking tiyang sepahipun. Taksih katah poro rondo ingkang kerjo membanting tulang kagem nafkahi putra-putrinipun. Sami mangertosi bilih katah ing pundi-pundi panggenan tiyang-tiyang kasebat kelangan pekejaan ingdalem musim pandemi meniko. Katah ugi ingkang rekaos pados nafkah ingdalem musim pandemi meniko ingkang ngatos sak meniko dereng normal.
Paling mboten kito kentunaken doa kagem tiyang-tiyang kolo wau ingdalem dinten ingkang kebak berkah meniko, ingdalem dinten ingkang kedahipun sami bergembira, tiyang-tiyang kolo wau menahan prihatin lan ngrahosaken awratipun gesang igkang sarwo kacupetan. Kito selipaken dungo kagem tiyang-tiyang kolo wau ingdalem kebungahan kito.

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah,
Kito hadiraken ing manah kito bilih nalikanipun kito paring bantuan utawi ndungaaken tiyang sanes, meniko sejatosipun kito nglampahi kesahenan kagem kito piyambak, monggo kito renungaken arti saking dawuhipun gusti Alloh wonten ayat meniko:

إِنْ أَحْسَنْتُمْ أَحْسَنْتُمْ لِأَنْفُسِكُمْ (سورة الإسراء: ٧)

Artosipun: nalikane siro nglakoni kabecikan, sejatine siro nglakoni kabecikan kanggo siro dewe. (QS al-Isra': 7)

وَمَا تُنْفِقُوا مِنْ خَيْرٍ فَلِأَنْفُسِكُمْ وَمَا تُنْفِقُونَ إِلَّا ابْتِغَاءَ وَجْهِ اللهِ وَمَا تُنْفِقُوا مِنْ خَيْرٍ يُوَفَّ إِلَيْكُمْ وَأَنْتُمْ لَا تُظْلَمُونَ (سورة البقرة: ٢٧٢)

Artosipun: lan opo wae kang siro infakaken ing dalane Alloh, mongko sejatine ganjarane kanggo siro dewe, lan siro ojo berinfak kejobo krono golek ridhane gusti Alloh. Lan opo wae kang siro infakaken yekti siro bakal diparingi ganjaran kanti penuh lan siro kabeh ora bakal den aniyoyo. (QS al-Baqarah: 272)
Kito hadiraken ugi ing manah menopo ingkang sampun kadawuhaken deneng jujungan kito nabi agung Muhaammad *shallallahu 'alaihi wa sallam*:

مَنْ نَفَّسَ عَنْ مُؤْمِنٍ كُرْبَةً مِنْ كُرَبِ الدُّنْيَا، نَفَّسَ اللهُ عَنْهُ كُرْبَةً مِنْ كُرَبِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ، وَمَنْ يَسَّرَ عَلَى مُعْسِرٍ، يَسَّرَ اللهُ عَلَيْهِ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، وَمَنْ سَتَرَ مُسْلِمًا، سَتَرَهُ اللهُ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، وَاللهُ فِي عَوْنِ الْعَبْدِ مَا كَانَ الْعَبْدُ فِي عَوْنِ أَخِيهِ (رواه مسلم)

Artosipun: sing sopo wonge gawe kajembaran marang sedulure mukmin ing dunyo, mongko gusti Alloh bakal paring kajembaran marang deweke saking karupekan ingdalem dino kiamat, lan sing sopo wonge gampangaken marang wongkan karupekan mongko gusti Alloh bakal gampangaken deweke ingdalem dunyo lan akhirat, lan sing sopo wonge nutupi aib sedulure kang muslim, mongko gusti Alloh bakal nutupi aib wong mau ingdalem dunyo lan akherat, gusti Alloh bakal nulung marang kawulo selagine deweke gelem tetulung marang sak padane. ” (HR Muslim).

Ma’asyiral Muslimin *rahimakumullah,*
Dumateng tiyang-tiyang ingkang terdampak covid-19 utawi ingkang ngalami masa-masa sulit ingdalem gesangipun dipun sebabaken macem-macem masalah, kito aturaken bilih ingkang dipun alami mboten sebanding kaliyan ingkang dipun alami nabi Ibrahim lan keluarganipun.

Hadirin *rahimakumullah,*
Wekdal kadamel ngrantos ingkang sanget laminipun ngantos yuswo 86 tahun, nabi Ibrahim *‘alaihis salam* nembe dipun paringi momongan ingkang akhiripun dipun paringi asmo Isma`il. Sak sampunipun putro kinasih tumbuh dados remaja, gusti Alloh merintahaken dateng nabi Ibrahim supados nyembelih putro ingkang sanget dipun tresnani lan dipun ajeng-ajeng meniko.
Lajeng nopo sikap saking nabiyulloh Ibrahim lan Isma`il nampi perintah kasebat? Kanti miderek dawuh sarono ilkhlas nabi Ibrahim nindaaken perintah meniko tanpo wonten kemamangan, ingkang putro ugi menyambut printah meniko sarono pasrah ingkang total kanti mboten wonten protes babar pindah. Subhanalooh.... setunggalipun potret keluarga shalih ingkang langkung ngutamaaken Alloh katimbang lintunipun. Bapak soho anak saling sabiyantu nyemangati kagem nindaaken pritahipun Alloh. Rembakan antawisipun bapak lan anak kolo wau terekam wonten setungalipun ayat al qur`an:

..... قَالَ يَا بُنَيَّ إِنِّي أَرَى فِي الْمَنَامِ أَنِّي أَذْبَحُكَ فَانْظُرْ مَاذَا تَرَى (سورة الصافات: ١٠٢)

Artosipun: ... nabi Ibrahim dawuh: “duh putraku, sejatine aku mirsani ingdalem ngimpi yen aku nyembelih sliramu, mongko pikirno opo kang dadi panemumu” (QS ash-Shaffat: 102)

Kados ingkang kito mangertosi sesarengan bilih ngimpinipun poro nabi meniko minongko wahyu saking Alloh, dene dawuhipun nabi Ibrahim dateng putranipun arupi “*mongko pikirno opo kang dadi panemumu*” meniko sanes

penyuwunan pendapat dateng putranipun magepokan perintahipun gusti Alloh kasebat dipun leksanaaken menopo mboten, ugi sanes kemamangan saking nabi Ibrahim. Nabi Ibrahim namung pingin mangertosi kemantepan manah saking putranipun ingdalem nampi perintah saking gusti Alloh subhanahu wata`ala.
Lajeng kanti kemanteban lan keteguhan hati, nabi Isma`il paring jawaban kanti jawaban ingkang nedahaken kecintaanipun dateng Alloh ngungkuli kecintaanipun dateng badanipun piyambak, wonten al qur`an dipun dawuhaken:

قَالَ يَا أَبَتِ افْعَلْ مَا تُؤْمَرُ سَتَجِدُنِي إِنْ شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّابِرِينَ (سورة الصافات: ١٠٢)

Artosipun: "Isma`il paring wangsulan: "duh Bopo... kulo aturi nindaaken menopo ingkang dipun perintahaken dateng panjenengan, insya Aloh panjenengan bade mangih kulo kalebet golonganipun tiyang ingkang sabar". (QS ash-Shaffat: 102)

Jawaban saking Isma`il ingkang dipun sertai kalimat "insya Alloh" nedahaken keyakinan ingkang kandel bilih sedoyo perkawis kedadosan atas kersanipun Alloh, menopo kemawon ingkang dipu kersaaken Alloh mesti kedadosanipun. Lan nopo mawon ingkang mboten dipun kersaaken Alloh mesti mboten kedadosan.

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah,
Demi mirengaken jawaban saking ingkang putro kinasih, lajeng nabi Ibrahim ngambungi putranipun kanti kasih sayang ugi kanti tangis ingkang mboten saged dipun bendung, lajeng panjenenganipun paring dawuh:

نِعْمَ الْعَوْنُ أَنْتَ يَا بُنَيَّ عَلَى أَمْرِ اللهِ

Artosipusn: "siro iku sak apik-apike wongkang nulung marang ingsun kanggo nindaaken perintahe Alloh, duh anakku...."

Nabi Ibrahim lajeng milai ngobahakaken lading dateng gulunipun nabi Isma`il. Ananging lading kasebat mboten natoni babar pindah dateng nabi Isma`il. Perkawis meniko dipun sebabaken ingkang nitahaken samukawis inggih puniko Alloh *subhanahu wa ta'ala.* Lading meniko namung sarono kagem nugel, ananging ingkang ndamel tugel meniko mboten wonten malih kejawi Alloh ta`ala. Sebab meniko mboten saged nyiptaaken akibat, antawisipun sebab lan akibat meniko sedoyo kekalihipun dipun ciptaaken dening Alloh ta`ala.

Hadirin yang berbahagia,
Berkat taqwa, sabar lan tawakal sarto ketundukan total ingkang dipun tedahaken nabi Ibrahim lan Isma`il, lajeng gusti Alloh maringi jalan keluar inggih meniko ganti Isma`il kaliyan mendo jaler ingkang ageng werninipun putih igkang dipun beto malaikat Jibril saking suwargo. Gusti Alloh paring dawuh:

إِنَّ هَذَا لَهُوَ الْبَلَاءُ الْمُبِينُ (١٠٦) وَفَدَيْنَاهُ بِذِبْحٍ عَظِيمٍ (١٠٧) (سورة الصافات: ١٠٦-١٠٧)

Artosipun: sak temene iki bener-bener ujian kang nyoto, lan ingsun tebus Ismail kanti sawijineng belehan kang agung''(QS ash-Shaffat: 106-107)

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah,
Monggo kito galih sesarengan, ingdalem pacoban pandemi covid-19 lan katahipun problem, monggo kito sami meneladani nopo ingkang sampun dipun contohaken nabi Ibrahim lan Isma`il nalikanipun dipun uji dening Alloh ingkang awrat kados mekaten.
Berkat ketaqwaan, sabar, tawakal lan manah ingkang teguh ingdalem nindaaken printahipun gusti Aloh sarto ketundukan igkang totalitas, nabi Ibrahim lan Ismail akhiripun pikantuk jalan keluar lan pitulungan saking Alloh *subhanahu wa ta'ala*
Kito kedah yakin bilih ingdalem karupekan mesti wonten kegampangan, menawi kito purun sabar. Kito kedah yakin bilih ingdalem saben-saben musibah mesti wonten hikmahipun, menawi kito purun tawakal. Kito kedah yakin bilih setiap masalah mesti dipun panggihaken jalan keluar, menawi kito purun bertaqwa. Lan kito kedah yakin bilih saben-saben kesusahan mesti wonten kebunghanipun, menawi kito saged tunduk total dateng Alooh *subhanahu wa ta'ala*

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah,
Akhiripun kito nyenyuwun sesarengan, mugi-mugi gebusti Alloh nebihaken negari kito khususipun lan negari umat islam umumipun saking sedoyo bala`sibah, wabah, melambung ipun harga, kemungkaran, lan sedoyo kesulitan ugi kesusahan. *Amin Ya Rabbal 'alamin*

أَقُوْلُ قَوْلِيْ هٰذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ لِيْ وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوْهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ.

Khutbah II

اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ اللهُ أَكْبَرُ، اللهُ أَكْبَرُ وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنّ سَيِّدَنَا وَنَبِيّنَا مُحَمّدًا عَبْدُ اللهِ وَرَسُولُهُ، فَاللّهُمّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيِّنَا مُحَمّدٍ، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ المَيَامِيْنَ، وَالتّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

أَمّا بَعْدُ، فَأُوْصِيْكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللهِ عَزّ وَجَلّ وَاتّقُوا اللهَ تَعَالَى فِي هَذَا الْيَوْمِ الْعَظِيمِ، وَاعْلَمُوْا أَنّ اللهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ عَظِيْمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصّلَاةِ وَالسّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيْمِ فَقَالَ: إِنّ اللهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النّبِيّ، يَا أَيُّهَا الّذِينَ آمَنُوْا صَلُّوْا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا، اللّهُمّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيّنَا مُحَمّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ الطّيِّبِيْنَ، وَارْضَ اللّهُمّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرّاشِدِينَ، أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيّ، وَعَنْ سَائِرِ الصّحَابَةِ الصّالحينَ،

اللّهُمّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدّعَوَاتِ، اللّهُمّ اجْعَلْ عِيدَنَا هَذَا سَعَادَةً وَتَلَاحُمًا، وَمَسَرّةً وَتَرَاحُمًا، وَزِدْنَا فِيهِ طُمَأْنِينَةً وَأُلْفَةً، وَهَنَاءً وَمَحَبّةً، وَأَعِدْهُ عَلَيْنَا بِالْخَيْرِ وَالرّحَمَاتِ، وَالْيُمْنِ وَالْبَرَكَاتِ، اللّهُمّ اجْعَلِ الْمَوَدّةَ شِيمَتَنَا، وَبَذْلَ الْخَيْرِ لِلنّاسِ دَأْبَنَا، اللّهُمّ أَدِمِ السّعَادَةَ عَلَى وَطَنِنَا، وَانْشُرِ الْبَهْجَةَ فِي بُيُوتِنَا، وَاحْفَظْنَا فِي أَهْلِينَا وَأَرْحَامِنَا، وَأَكْرِمْنَا بِكَرَمِكَ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، رَبّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً، وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً، وَقِنَا عَذَابَ النّارِ، وَأَدْخِلْنَا الْجَنّةَ مَعَ الْأَبْرَارِ، يَا عَزِيزُ يَا غَفّارُ.

عِبَادَ اللهِ، إِنّ اللهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ، وَإِيْتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وِيَنْهَى عَنِ الفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالبَغْيِ، يَعِظُكُمْ لَعَلّكُمْ تَذَكّرُوْنَ، فَاذكُرُوا اللهَ الْعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ وَلَذِكْرُ اللهِ أَكْبَرُ، عِيْدٌ سَعِيْدٌ وَكُلُّ عَامٍ وَأَنْتُمْ بِخَيْرٍ

Ustadz Nur Rohmad, *Pemateri/Peneliti di Aswaja NU Center PWNU Jawa Timur dan Ketua Bidang Peribadatan & Hukum, PD Dewan Masjid Indonesia Kab. Mojokerto*